

Ka pou Sipòte

Konsènan Lajan Gadri ak ak Devlopman

Sibvansyon federal CCDF sipòte fanmi ki pa touche ase lajan lè li ofri gadri pou paran k ap travay oswa k ap kontinye edikasyon yo. Lajan CCDF sipòte tou inisyativ rechèch gadri.

CCDF asire kalite sèvis gadri a li finanse yo. Pou fè sa, li pran anpil mezi sekirite. Pa egzanp, founisè sèvis gadri yo dwe satisfè kondisyon sante ak sekirite.

CCDF egzije yon patisipasyon leta ak yon patisipasyon lokal 6% pou kategori “moun pòv k ap travay” ki kalifye yo. Chak dola patisipasyon lokal sa a diminye \$16 nan lajan CCDF (federal/leta).

Kijan Ou Kapab Ede

Genyen plizyè fason ou kapab ede nou asire swen ak edikasyon timoun piti ak siksè nan lavi pou chak timoun:

- Fè Don Lajan pou Gadri ak Devlopman
- Fè Don nan Patenarya Egzekitif Gadri Florid
- Bay tan ak talan ou kòm volontè
- Bay sipò sou non swen ak edikasyon timoun piti
- Sipòte sant gadri ak sant edikasyon timoun piti ak siksè akademik timoun yo



Bi Nou

Kowalisyon an devwe pou asire tout timoun ak fanmi yo resevwa menm aksè nan bon kalite swen ak edikasyon pou timoun piti. Edikasyon se yon eleman enpòtan pou gen siksè jan yo montre sa anba la a:

- Gadri ki pa genyen oswa gadri ki estab lakòz absans anplwayekoute \$3 bilyon dola nan biznis Etazini chak ane
- Pou chak dola ki envesti nan pwogram aprantisaj timoun piti, genyen apeprè \$16 ki retounen
- Pou chak timoun ki patisipe nan bon kalite pwogram preskolè, genyen yon ekonomi plis pase \$70,000 ki fèt si yo diminye vyolans ak krim fiti jenn yo
- Premye ane yo se ane aprantisaj la. Pi enpòtan kwasans ak devlopman nan sèvo a fèt nan laj senkan. Si ou pale avèk timoun preskolè chak jou, sa kapab montre diferans ant 3,000 oswa 15,000 mo yo konnen nan moman y ap antre nan lekòl matènèl
- Patisipasyon nan pwogram devlopman timoun ogmantekantite elèv ki gradye ak aksè nan pi gwo aprantisaj
- Pwogram aprantisaj timoun piti ogmante devlopman koyitif ak sosyo-emosyonèl timoun yo, sa ki ogmante chans yo pou yo vin genyen yon lavi ansante ak pwodiktif

Objektif Nou

Timoun- Timoun yo se kè tout sa nou fè. Nou kwè tout timoun, kèlkeswa sikonstans lan, kapab vin ekselan nan edikasyon ak nan devlopman pèsonèl. Nou pran angajman pou asire preparasyon lekòl ak siksè nan lavi a pou nou chak.

Kominote – Nou kwè kominote a jwe yon wòl enpòtan nan siksè pitit nou yo. Si mete fòs nou ansanm n ap ankouraje edikasyon ak sipòte timoun yo pandan n ap vin manm pwodiktif sosyete a.

Patenarya – nou apresye patenarya pou kolaborasyon. Founisè sèvis manm nou yo, fanmi nou yo, sosyete nou yo, ofisyèl eli nou yo ak kominote a anjeneral ap travay ansanm avèk nou pou montre enpòtans aprantisaj timoun piti epitou pou jwenn opòtinite edikasyon pou tout timoun yo.

Sipò – Nou se yon chanpyon pou timoun. Anplwaye nou yo ak patnè kominote nou yo devwe pou avanse swen ak edikasyon timoun piti toupatou nan konte Miami-Dade ak Monroe.

Ekselans – Lè li konsènan aprantisaj timoun piti, kalite a enpòtan. Nou pran angajman pou ekselans, pou ofri bon kalite pwogram ak sèvis ki fè yon diferans nan kominote nou an.


Enpak Nou

Nou fè yon diferans nan lavi timoun ak fanmi n ap sèvi yo.

- Kowalisyon an te bay sètifikasyon Lekòl Pre-Matènèl Volontè (VPK) pou 885 founisè ki sèvi plis pase 18,000 timoun nan konte Miami-Dade ak Monroe.
- Nan ane fiskal 2006-08, Kowalisyon an te sèvi 123,218 timoun.
- Kowalisyon an te fè tès depistaj sou 18,511 jenn timoun nan ane fiskal 2006 - 08.
- Kowalisyon an te òganize fwa dokiman ak pwogram avèk anpil siksè nan ane fiskal 2006 - 08, pou ofri anpil milye liv, pwogram ak dokiman pou anviwònman swen ak edikasyon timoun piti.
- Nan ane fiskal 2006 - 08, Kowalisyon an te rekòmande 10,817 fanmi nan konte Miami-Dade ak Monroe pou Child Care Resource & Referral (CCR&R) ki ofri paran yo menm aksè nan gadri ak pwogram edikasyon timoun piti ki pa chè.



*Edikasyon timoun piti.
Siksè nan lavi a.*



Konsènan Nou



www.elcmdm.org

Miami-Dade:

2555 Ponce de Leon Blvd. 5th Floor.
Coral Gables, Florida 33134

Monroe:

1100 Simonton Street. Suite 1/-204
Key West, Florida 33040



Kowalisyon Aprantisaj Timoun Piti Miami-Dade/Monroe se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi epi ki devwe pou asire swen ak edikasyon timoun piti nan konte Miami-Dade ak Monroe. Avèk pwogram tounèf edikasyon timoun piti ki pa chè ak nan pwogram lekòl pre-matènèl volontè, Kowalisyon an ap sèvi plis pase 50,000 timoun ki fèk fèt jiska laj 12 zan ak fanmi yo.

Yo te kreye Kowalisyon an nan ane 2000, epi li pami transteyen (31) òganizasyon sanblab yo mete la nan Florid apre yo te fin adopte Lwa pou Preparasyon Timoun pou Lekòl. Lwa sa a te gwoupe sèvis aprantisaj timoun piti leta an yon sèl pwogram entegre.

Espas Sèvis Nou

Lekòl Pre-Matènèl Volontè (VPK)

VPK ofri tout timoun 4 tran yon kòmansman tranzisyon nan lekti, matematik, lang, ak aptitud pou viv nan sosyete. Pwofesè kalifye VPK yo itilize pwogram ki apwopriye sou plan devlopman pou edike timoun yo, pou prepare yo pou lekòl matènèl epitou pou ankouraje yo aprann. Yo ofri pwogram GRATIS sa a pandan ane akademik lan epi nan sezon lete a tou.

Preparasyon pou Lekòl (School Readiness)

Pwogram Preparasyon pou Lekòl ofri opòtinite pou edikasyon bonè pou timoun ki fèk fèt jiska laj 5 ane, sitou pou timoun ki genyen paran yo ki nan dezavantaj ekonomik; timoun yo detèmine ki menase pou vin viktim abi, neglijan oswa eksplwatasyon; ak timoun andikape. Yo pwolonje pwogram yo pou timoun 6 - 12 zan, jan sa nesèsè.

Se Bon Kalite k Konte (Quality Counts)

Pwogram ki rele "Quality Counts" lan (Se bon kalite k konte) se yon sistèm evalyasyon volontè ki tcheke pwogram edikasyon timoun depi nan piti yo dapre bon jan prensip sou afè bon kalite ki defini klè. Pwogram sa a sèvi ak yon metòd evalyasyon senk etwal epi li ofri kote ki ofri pwogram VPK yo sipò ak ankourajman pou ede yo atenn objektif yo.

Sèvis Pou Tout Timoun

Sèvis pou tout timoun vini ak plan aksyon pou chak grenn timoun dapre yon evalyasyon. Sèvis sa yo prepare pou ede timoun ki kab gen difikilte pou yo aprann depi nan piti fè plis pwogrè posib. Timoun ki gen bezwen espesyal oswa sa yo ki frajil nan kesyon reta nan devlopman yo gen opòtinite pou yo aprann ladrès akademik ak sosyal, nan kad yon klas lekòl ansanm ak lòt timoun parèy yo ki pi devlope. Seksyon sèvis sa a, se gwoup travay sèvis pou tout timoun nan (Inclusion Task Force) ki anchaj li. Se yon travay tèt ansanm ant paran, responsab sant gadri ak savan ajans ki nan kominote a, ki devwe pou bay bon travay nèt toupatou nan Miyamidèd.

Egzamen ak Evalyasyon Devlopman Timoun

Kowalisyon an, gras a patnè kominotè li yo, fè depistaj ak evalyasyon devlopman timoun pou timoun ki genyen laj 2 mwa jiska laj 5 ane. Yo fè rekòmandasyon nan sèvis apwopriye lè yo idantifye enkyetid devlopman. Se Assessment Task Force ki gide domèn sèvis sa a. Assessment Task Force se yon kolaborasyon paran, founisè ak espè ajans kominotè ki angaje pou ekselans toupatou nan Konte Miami-Dade.

Asistans ak Konsèy Teknik

Kowalisyon an ofri sèvis sipò pou founisè swen ak edikasyon timoun bonè, avèk tou fòmasyon endividyèl nan fason pou bay konsèy ak nan devlopman pwofesyonèl, pou asire anplwaye gadri yo ekipe pou prepare timoun yo pou siksè nan lekòl matènèl ak apre.

Kowalisyon an ofri asistans teknik tou tankou akreditasyon ak amelyorasyon pwogram pou anrichi kalite swen ak edikasyon yo ofri pou timoun ki nan pwogram edikasyon timoun piti.

Patenarya Egzekitif Gadri (CCEP)

Pwogram CCEP kreye yon opòtinite pou patwon ak anplwaye yo pou yo vin gen siksè kòm patnè. Yo ofri asistans finansye pou fanmi ki pa touche ase lajan nan gadri patwon yo sipòte.

Edikasyon timoun piti. Siksè nan lavni a.

